С 84(5 Кар)
Е-91

Көбейсин Ерназаров

# АДАҚ ҚАЛАСЫН ИЗЛЕП...



84 кар 7
Е—71

**ЕРНАЗАРОВ К. Адақ қаласын излеп...:**
*гүрриңлер, фантастика, пьеса.*
Нөкис: «Қарақалпақстан 1997. 28-бет.

Балалар ҳәм жас өспиримлер әдебияты бөлими.

Көбейсин Ерназаров өзиниң балаларға арнап жазылған «Жақсылық ҳәм жаманлық ҳаққында ертек», «Еситпеген елде көп» атлы поэтикалық topламлары менен жақсы таныс.

Автордың бул жаңа топламынан балалар турмысынан алып жазылған қысқа гүрриңлери, мәртликке шақырыўшы илимий—фантастикалары, сондай-ақ бала тәрбиясы мәселеси менен байланыслы болған «Тек жүрген, тоқ жүреди» атлы пьесасы орын алған.

$$E \frac{4803270201-406}{M-357(04)-97} 14-97$$

ISBN 5—8272—0034—4

RESPUBLIKALI'Q
MA'LIMLEME-RESURSLI'Q
WORAYI'
INV № 88077

T 1P

© «Қарақалпақстан» баспасы, 1997

# МЕҲИР

*(гүрриң)*

Мен әдеттегише, пышықлардың ыдысына қуйылған сүтке майдалап нан туўрап, азанғы аўқатқа шақыра басладым.

— Пышым, пышым!...

Ең алды менен печьтиң қуўысында уйқылап атырған ана пышық «қарабийке» келди. (Апам оны шын қара болғаны ушын усылай атайтуғын еди. Ол жаңа ғана тилин батыра бергенде төрги бөлмеден жуўырып шыққан үлкен еки бала пышық анасын басы менен ийтерип таслады да, ыдысқа бас салды. Олар бирибиринен қызғанып жалма-жан аўқатты ише баслады. Ал, ана пышық болса ҳеш нәрсе сезбегендей таласып аўқатланып атырған еки баласының маңлайынан алма-гезек жалай берди. Тап усы ўақытта мениң есиме өткендеги бир ҳәдийсе түсти.

...Жаз айлары еди. «Қарабийке» өзиниң урлығын күннен-күнге үдете берди. Биресе төбеге байлап қойылған гөштиң торқалтасын дал-дал етип жерге түсирип тасласа, биресе, қазандағы үлкен аўыр қақпақты аўдарып таслап, сүттиң қаймағын шолпылап кетеди... Қулласы, тынышымызды алды. Ақыры, адастырып жибериўди мақул көрдик. Буны апам екеўимиз орынладық. Бир сапары бизиң аўылдан 20 шақырым қашықлықта туратуғын дайымның үйине тойға барғанымызда «қарабийке»ни де ала кеттик. Жолды көрмесин деген нийет пенен оның көзин байлап алдық та, дайымның аўылына жақынласқанда ғана «қуллықтан» азат еттик. Ол аянышлы даўысы пенен қатты-қатты мияўлап, жолдың ортасында отырып қалды. Бирақ ол изимизден ермеди. Бизлер келеси күни үйге қайттық. Азда болса жанымыз тыныш табайын деди.

Арадан бир ҳәпте өтти. Ойламаған жерде аўылдың қубласындағы гүзар жолды кесип өтетуғын ески дәрьялыққа «суў жығыпты» деген ғалаўат тарады. Ҳәмме сол тәрепке қарай ағылды. Бизлер де апам екеўимиз бардық. Жыққынның аўылға зыяны болмаса да, жол қатнасы ўақытша тоқтайтуғын түри бар. Көпшилик журт жыққынды байлаўға кетти. Ал бул жерде, бизлер гилең кемпир-ғарры, бала-шаға болып қала бердик.

Бир уақытта Гулпаршын дейтуғын қыздың «Анаң қараңлар, анаң қараңлар!», деген даўысы ҳәмменин дыққатын ески дәрьялық тәрепке қаратты. Суўдың ортасы менен қандай да бир қара мақлуқ берги жағаға қарай әсте жылысып келе берди. Ҳәмме дәрьяның ернегине жақынласты. Минутлар тынышсызлық пенен өтип атыр.

— Пышық, пышық!—деп шуўласты адамлар. Ол бир зат тислеп киятыр...

Әнекей, мен де анық көрдим. Оның аўзында қап-қара, тап өзине усаған бир бала пышық, суўға тийер-тиймес болып салбырап турыпты.

— Бизиң пышық, ғой, Сабыржан-аў!—деп сыбырланды апам. Сөйтти де, мениң қолымнан қолын жаздырды да, суўдың ернегине келди. Апам өзине жақынласқан пышықты суўдан көтерип алып, ығалы менен баўырына басты. Жағаға келген ўақытта «қарабийке» аўзына тислеген баласын жаздырды да, өзин суўға атты. Әне, ол енди қайтадан тағы да арғы жағаға қарай асығыс жүзип баратыр. «Қарабийке» усылайынша қалған екинши баласын да алып келди. Ким билсин! Оның далада жүрип туўған балалары буннан да көп шығар?! Қулласы, сол күни бир пышықты үшеў етип, үйге алып қайттық...

...Мине, олар еле таласып-тармасып аўқатланыўда. Ал, анасы болса балаларын баяғыша жалаў менен бәнт. Мен де пышығымның өз перзентлерине болған аналық муҳаббатының шексизлигине ҳайран қалып еле қарап турман.

## ӨЗИМ АЙЫПЛЫМАН

*(гүрриң)*

Жазғы дем алыс басланыўға санаўлы күнлер қалды. Мени оғада тынышсызландырған «қызық-қызық ойынлар» емес, ал «Илҳам 2-класс оқыўшысы» деген унамлы сөзди еситиўге асығыўдаман. Өйткени, барлық шереклер даўамында жоқарғы баҳаларға үлгерип, класс ағласы дәрежесине көтерилдим. Сонлықтан болса керек ҳәм класс муғаллими, ҳәм баслаўыш мектеп директоры лаўазымындағы Жолдас аға ҳәрдайым мени өзине жақынырақ тутып, гүллән балаларға үлги етип көрсететуғын еди. Мен тек ғана оқыўда емес, ал оқыўшылар тәртибин беккем сақлаўға да әдетленгенмен.

...Бирақ, усы сапары қатты жаңылыстым. Жаңылысқанда да өзимди-өзим кешире алмастай дәрежеде жаңылыстым. Бәлким буған гүбелек емес, өзим айыплы шығарман-аў? Қәне қулақ салың, досларым! Сизлер не дер екенсизлер!

Ең соңғы қоңыраў қағылыўға бир күн қалды. Мектептен шыққан балалар тумлы-тусқа тарқалып өз үйлерине асығыўда. Мен

де үлкен жоңышқа атызды қақ жарып өткен кишкене аяқ соқпақ пенен жүрип киятырман. Күтилмегенде суп-сулыў бир ақ гүбелек мениң алдымдағы соқпақты кесип өтип, шеп тәрепиндеги жабайы шөпке барып қонды. Балалығым тутып кетти ме қәйдем, аяғымды ғаз-ғаз басып гүбелекке қарай жақынластым. Қолымды әсте ғана созып қанатларынан жаңа ғана усламақшы болғаным да сол еди, бирден ушты да кетти. Әне, ол ушып барып меннен арманырақтағы екинши шөпке қайта қонды. Мен тағы да услап алыўға талапландым. Болмады. Тағы да қашырып алдым. Растан да усы бир, бармақ басындай-ақ гүбелектен алданғаным ба?! Өжетлигим тутып шынтлап изине түстим. Гүбелек болса бир гүлден екинши гүлге қоныў менен ҳәлек. Усылайша жоңышқалықтан қалай шығып кеткенлигимди де сезбей қалған усайман-аў! Терлегенликтен жалаң аяқланып, жалаң бас, сумкамды да қойып гүбелектиң изинен қуўаладым да жүрдим. Ол тап мени масқара етпекши болғандай айланшықлап ушып-қонып жүрди. Арадан қанша ўақыт өткенлигин билмеймен маңлайымнан аққан тер көзимди ашытты. Бет-аўзымды сыпырып гүбелекке қарасам ол меннен әлле қайда алыслап, атыз шетиндеги қалың шөпликке қарай бет алыпты. Мине, ол дем де көзден ғайып болды. Сол жерде отырып азғана дем алған болдым. Өзиме келсем гүл егилген мектеп майданшасының дәл ортасында екенмен. Мениң жүрип өткен излерим жаңа ғана қарысқа жетер-жетпес болған гүл нәлшелерин женшип таслапты. Секирип орнымнан турдым. Әтирапқа қарадым. Тып-тыныш. Жуўырып атыздан шықтым. Ойланаман. Бул не еткен исим?! Бул қандай тәртипсизлик?! Усыннан сезилип қалса, ертең досларыма қайсы бетим менен қарайман?! Ямаса ҳәзир-ақ барып Жолдас ағаның алдында бул айыбымды мойынласам ба екен?! Бәлким кеширим берер! «Барып расын айт»— деди бир ойым «Жоқ, жоқ! Ким көрди дейсең. Масқара болмақшымысаң, сыр сақла» —дейди екинши бир қыял.

Қулласы жаман ой өз үстемлигин етти де үйге қарай зыттым. Солай да, өзимди -өзим кешире алмай баратырман...

Келеси күни Жолдас аға классқа әдеттегиден ашыўлы келди. Мен ишиме муз тартқандай қалтырап кеттим.

— Оқыўшылар!—деди ол қатал пишинде. Расыңызды айтың, мектеп участкасындағы өз қолларымыз бенен егилген гүлди ким бүлдирип кеткен?!

— Бизлер емес, муғаллим,—деп шуўласты балалар.

— Жоқ, жоқ! Бүлгинши сизлердиң араңызда болыўға тийисли, —деди ол. Оннанда өзлериңиз мойынлай қойың. Бәрибир мен оны таўып аламан. Арадан бир неше минут өтти. Ҳеш ким үн қатпады.

— Қәне, барлық балалар далаға шықсын!—деп буйырды муғаллим. Бизлер мектеп алдындағы далаңлыққа сапқа дизилдик. Мениң бойым кишкене болғанлықтан саптың ең изинде едим.

Муғаллим биринши баланың жалаң аяқлы изин жерге түсирип алды да, сызғыш пенен өлшей баслады. Мен қорыққанымнан бақырып жибере жазладым. Ернимди қатты тиследим. Усылайынша гезек маған да жетти. Мен изимди жасырып қалыў мақсетинде мумкиншилиги болғанша бармақларымды бүгиўге талапландым. Бирақ болмады.

— Аяғыңды еркин усла, Илҳам,—деп буйырды муғаллим. Ол топыраққа түскен изимди ҳәр тәрепleме өлшеп алды да, бетиме тигиле қарап:

— Растан-ақ сениң исиң бе?—таңланып сорады. Мен бирден жылап жибердим.

— Мен, мен. Гүбелек... қуўа-а-ман—де-п... Балалар дуў күлип жиберди.

Оқыў жылы жуўмақланды. Жолдас аға оқыўшылардың жыллық баҳаларын еситтирип класстан-классқа өткени менен қутлықламақта. Мине, гезек маған да жетти...

Мен өзимниң 2-класс оқыўшысы болғанлығым ушын шексиз қуўанышқа бөленсем де, ал сол бир ислеген «айыбым» қайта-қайта көз алдыма келип өзегимди өртеп баратыр. Әзелден-ақ расын айтқанымда усыншелли аўҳалға түспеген болар ма едим, қәйдем! Аўа, бәрине де өзим айыплыман, өзим!

## МЕНИҢ РОБОТЫМ

*(Фантастикалық гүрриң)*

Бул ҳәдийсе еле ядымда. Мениң алты жасқа толыў күниме бағышланған байрам мүнәсибети менен туўысқан ағаларым маған арнап Робот (Темир адам) сатып әкелип берди. Мен бул нәрсени тек үлкен қалаларға барған ўақытларымда алыстан тамашалағаным болмаса, бетпе-бет ушырасып көрген емес едим. Ал, мынаў барлығынан да өзгешедей сезилди. Ол, сол кешеси, түн бойы есик алдында «Хош келипсиз», «қайырлы кеш» деў менен қол қаўсырып теңселип турды да қойды. Мен дәслеп оннан қорықсам да, кейин ала бойым үйренисейин, деди. Тезде екеўимиз дослacып кеттик. Арадан үш күн өткеннен кейин мен оған ең жақсы көрген атымды қойдым· Асқар!

Бир күни кеште уйқыдан оянсам үйде ҳеш ким жоқ. Әтирап қараңғы. Күтә қорқып кеттим. Шамды жағайын десем қолым жетпейди. Отырып алып ағыл-тегил жыладым. Қәпелимде есик ашылды да, шам жарқ ете қалды. Қарасам Асқар. Еки көзи қыпқызыл, масаладай жанып тур.

— Апам қайда?—деп даўысладым.

— Тойға кетти,—деди ол.

— Енди қорықпайсаң, мен келдим. Ол дәслеп маған газге мәйек қуўырып берди, кейин чай иштим. Робот кешки аўқат тамам болғаннан кейин өз бөлмесине кетти де, бираздан соң ол қолына

әдеттегише қалың қаплы көк китап услап ишкери кирип келди.
— Парахат,-деди ол маған.—Егер қәлесең саған уйқың келгенше ертек оқып беремен...

Ол сондай кеўилли ҳәм жанландырып оқыды. Аўзым ашылып, уйып тыңлап қалыппан. Усыннан баслап ҳәр күни бос ўақытларымда оған китап оқытатуғын болдым... Айтпақшы, мениң Роботым шебер сүўретши де екен. Оны қайдан билдиңиз дейсиз ғой, әлбетте?!

...Күн бойы балалар менен ойын базарын қыздырып шаршағанлығымнан аўқат та жемей уйқылап қалдым. Азанда бираз кешлеў ояндым. Көзимди ашсам қасымда Асқар отыр. Қолында бир жапырақ ақ қағаз: гә маған, гә қағазға гезекпе-гезек телмирип әлле бир нәрселерди шыжбайламақта. Ушып турып үңилсем... Япырмай, мениң сүўретим. Геўдемниң жарты жағын салып үлгерипти...

Арадан бир жыл өтти. Асқар мени де сүўретшиликке үйретти. Усыннан баслап ол мениң ҳақыйқый «устазыма» айланды деўге болады.

Жақын арада ол маған, пианино үйретиўге ўәде берген еди. Әттең, бул әрманлары ҳәзирше орынланбай кетти.

...Базар күни аўыл балалары болып, таўға сейилген кеттик. Ең кишиси өзим. Таў төбесине шығып, гүл тердик, жылтырақ тас жыйнадық. Күтилмегенде аспанды қара булт қаплап шақмақ шағылып жаўын қуя баслады. Бизлер паналаў ушын таў төбесиндеги бир терең жыраға қарай жуўырдық. Буның үстине думан. Үстиүстине күшли даўыл турды. Арадан қанша ўақыт өткенлигин билмеймен, күтилмегенде тас төбемизден әлле кимниң ашшы даўысы еситилди: П-ар-а-х-а-т!

— Сениң Асқарың,—деп шуўласты балалар. Сени излеп жүрген қусайды. Мен де тынышсызлана басладым. Мине ол ебетейсиз темир аяқларын сүйреп басып, бизлер паналап турған жыраны жағалап киятыр.

— Қайт, Асқар! Кейин шегин, кейин! Жығылып кетесең!,—деп даўысладым мен. Бирақ мениң даўысымды танып қалған Робот неликтен де еңтерилген таслардың үсти менен маған қарай төтелеп жүрди (Шамасы, ол мени шуқырға түсип кеткен деп ойласа керек) Кәпелимде оның ебетейсиз шеп аяғы қырлы тас үстине минип кетти де, бир жанбасына қарай аўды. Мен қорыққанымнан қатты бақырып жибердим. Қолайсыз болса да, услап үлгерген жас сексеўилдиң шақасы темир адамды көтере алмай, гүрт етип сынды. Домалап киятыр, домалап... Балалар тумлы-тусқа қарай қашты. Мине, ол меннен үш адым алыслықта жайласқан жартас үстине тарс етип түсти де, темир денеден жарқ-журқ етип жалын шығып, бөлек-бөлек болып үзилип, атылып кетти...

Бизлер турған жерге «тез жәрдем» вертолети жетип келгенде, Роботтың жарылған басынан қандай да бир ызыңлаған сес шы-

ғып турған еди. Ақ халатлы киси Асқардың бузылған «денесин» бир қарап өтти де, шериклерине:

— Қәне, жигитлер, тезлетиңлер. Кешикпестен «Тез қайта қурастырыў емлеўханасына» жөнелтейик,—деди. Уста-шыпакерлер көз ашып жумғанша қыйраған Роботтың бөлекшелерин топлап яшикке жайластырды да, көкке көтерилди.

Даўылда тоқтады.

Балалар тағы да шығып кетти. Ал, мен болсам өзим ушын жанын қурбан еткен темир адам—Асқар ҳаққында аўыр ойланып, ол ҳәзир ғана қулап түсип қыйраған сол суўық жартас үстинде үнсиз отырып қалдым.

## АДАҚ ҚАЛАСЫН ИЗЛЕП...

*(Илимий-фантастикалық гүрриң)*

Бурынғы мектептиң барлық үскенелери теңиз жағасынан ашылған бес қабатлы жаңа мектептиң имаратына көширилди.

Мен кеше ғана тасып алынған мектеп китапханасындағы пайдаланыўдан қалған ески китаплар арасындаман. Үмитим саяхат китапларын табыў.

...Бетлериниң күтә сарғайып кетиўине қарағанда жазылғанына бир неше онлаған жыллар болған китап бетлери қолыма түсти. Барлығы болып үш беттен ибарат болған бул сарғыш қағаздың қандай китапқа тийисли, авторы, қайсы дәўирде шыққанлығын билип болмас еди. Бийықтыяр оқый басладым. «...Арал теңизи астында Адақ шәҳәри жатыр, ҳәзирде оның дийўалларына аўлар илинип қалады. Бул қаланың дәслепки аты Антикия деп аталған дейди информаторлар. Бирақ, тарийхшылар Адақ қаласын суў астында деп ойламайды. Бул ҳаққында археолог С. П. Толстов пенен Я. Г. Ғуламовлар арасында шешилмеген пикирлер бар...»

Буннан кейинги қатарлар да Арал теңизиниң бирнеше әсирлерден берман қойылған түрлише атамалары ҳаққында сөз етилипти. Дайтья, Журжан, Қурдар, Хорезм теңизи, Жайхун, ең кейингиси Арал... Мен тарийхый мағлыўматларға тийкарланып жазылған сөзлердиң биразына шала түсинсем, биразына түсинбедим. Бирақ, мени қызықтырғаны теңиз астындағы қала болды.

Китап бетлерин қалтама муқыятлап салдым да класслас досларым Мухтар менен Айгүлге оқып бериўге асықтым. Оларды теңиз жағасынан таптым. «Мен ашқан» жаңалықтан Мухтар да, қала берсе Айгүл де хабарсыз болып шықты. Бизлер буны тарийх муғаллиминен сорамақшы болып келистик.

...Ол киси мен тапқан қағазды оқып шыққаннан кейин былай деди:

— Балалар! Бул бетлер шама менен усыннан шерек әсир бурын шыққан илимий китаптан. Есимде бар: Адақ қаласы ҳаққындағы археологлар тартысы да сол қалысында қалып, ин-

форматорлар берген мағлыўматлар да әллеқашан умыт болды. Теңиз асты экспедициясын шөлкемлестириў ҳәзир ҳеш кимниң де ядында жоқ.

Усы күннен баслап теңиз астында қалған Адақ қаласы ҳаққында узақ ойлана басладым. Күтилмегенде мениң басымда сол қаланың орнын табыў ушын суў асты барлаў жумысын жүргизиў нийети пайда болды. Оны Мухтар менен Айгүл де мақуллады. Бирақ қалайынша, қандай жоллар менен?!..

Арадан бир ҳәпте өтти. Нәтийжеде үш адамнан ибарат «теңиз экспедициясын» дүзген болдық. Суў астында ислеў ушын керекли болған буйымлар менен тәмийинлеўди өз мойныма алдым да, барлаў өткерилетуғын жағалықларды алдын ала белгилеўди Мухтар менен Айгүлге тапсырдым. Бул ҳаққында ҳәзирше сыр сақлаў ушын бир-биримизге сөз беристик.

Шөлкемлестириў жумысына дем алыстың бир ай ўақты кетти. Арқан орнына жиңишке пахта жип сатып алдық, ушлы темир таяқ, кишкене белше ҳәм тас бөлетуғын балға таярладық. Ең тийкарғысы суў асты кийими еди. Оның да сәти түсип, дене тәрбиясы муғаллиминен бир күнге сорап алыўға еристик.

Солай етип, бизиң кишкене «экспедициямыз» тынық күнлердиң биринде моторлы қайықшада дәслепки маршрутын баслады. Суў астына саяхат тәртиби былай болды: қәўипсизлик ушын жиптиң бир ушы кемеге, екиншиси водолазға байланды, ал екинши водолаз кеме менен тутастырылмастан, аралығы 5 метрлик жип пенен биринсисине тиркелди. Өйткени водолаздың екеўи де тиккелей кеме менен байланыста болса, жиплери бир-бир менен шатасып қалыў қәўпи туўылды. Биринши болып мен, кейин Мухтар кийди, Айгүл болса қайта тексерип шықты. Сууға Мухтар екеўимиз қол усласып бирге секирдик.

Қатарма-қатар сүңгип киятырмыз. Кемеде қалған Айгүл болса «аман-есен баратырсызлар ма» деген сыяқлы жипти тартып-тартып қояды. Сүңгип киятырмыз, сүңгип киятырмыз. Тумлы-тусымыздан түрли балықлар зуулап өтип атыр. Мине, теңиз ултанына да келип түстик. Майда шалаңлар аяққа орала жазлап қалады. Улыўма алғанда теңиздиң бул зонасында ҳешқандай дөңге усас жер таба алмадық. Әтирапты бир қатар көзден кеширгеннен кейин кемеге қайтыўдың зәрүрлигин түсиндик. Жипти қатарына үш рет тартқышлап «суў үстине шығыўға жәрдем» сигналын жибердик. Әллен ўақытлардан кейин кемениң түслик тәрепинен суў бетине қалқып шықтық. Кемеде отырып бираз дем алғаннан кейин, келеси зоналардың бирине атландық. Бул жерде бизлер суў астында қалған атаўлардың бирине ушырастық. Ал, үшинши бир зонада теңиз астында қалған көлди таптық. Олай деўимиздиң себеби, нар қамыслардың қопалары қалай болса солай батпақлықта қыйрап жатыр.

Суў астына саяхат Мухтарды да, мени де ҳәлсиретти. Күн болса әллеқашан түсликтен аўды.

— Қайтайық Азат!—деди Айгүл.—Бизлердики қуры ҳәлекшилик ғой!

Усы пикирге Мухтар да қосылды. Бул истен еле үмитин үзбеген жалғыз мен ғана. Жолдасларыма ең соңғы мәртебе бирге излеў салыўды усындым. Усыннан қалсақ водолазды да қайтып ала алмайтуғынымды ескертип айттым. Олар илажсыз көнди.

Кемедеги түслик аўқаттан кейин ең соңғы маршрут басланды. Бул бизлердиң үмитимиздиң пушқа шығатуғын яки қуўаныш келтиретуғын суў асты саяхатымыз болды. Мен үлкен үмит пенен алға талпынып сүңгип киятырман. Күтилмегенде дөңге тап болдық. Теңиз үстинен 20—30 метр тереңликте болса итимал. Дәслеп «суў асты атаўы шығар» деп ойладық. Бақлап қарасақ көлеми оғада кишкене. Темир таяғымыз бенен ылайды сүмбелеўге киристик. Ойламаған жерде Мухтар жипти жулқып тартты. Жалт қарасам, мени шыр-пыр болып шақырады. Тез жетип бардым. Оның темир таяғы қаттылыққа тийип, қарсылыққа ушырай берди. Қолымыздан келгенше ылайды геўледик. Ылай арасынан жудырықтай бир бөлек тастың сынығы шықты. Суўға жуўып қарасақ: қәдимги мрамордың дәл өзи ақ-қоңыр түслес. Бир тәрепи тегис етип жонылған. Мухтар тасты арнаўлы темир дорбасына салды.

Шаршағанымыз пүткиллей умыт болды. Қазыўды даўам еттирдик.Мине, тасқа да келип тирелдик. Дөгереклеп аша басладық. Анықлап қарасақ, бул тас теңиз асты таўының тасы болмай Геўир қаласы жанындағы Назлымхан сулыў естелигине өрилген квадратлы гүмбез гербиштиң өзи болып шықты. Бирақ, бөлек-бөлек. Бизиң темир таяғымыз оның жақын әтирапында басқа қарсылыққа ушырамады. Сүмбелеўди зәрре арманырақтан басладық. Таяғымыз ҳәр қәдем сайын тасқа тийип қайта берди. Дөңлеў бир жерин қазып қараған едик, үйилип атырған тас гербиштиң үстинен шықтық. Мен тас бөлетуғын балға жәрдеминде еплеп бир гербишти пүтинлей алыўға еристим.

Барлаў жумысын оннан арман соза бериўге, бизлердиң шамамыз келмейтуғынына көзимиз жеткеннен кейин, кемеге қайтыўды уйғардық. Теңиз үстинде бир өзи дилгир болып күтип отырған Айгүлге «жәрдем» сигналы берилди.

Бизлер тапқан «байлықларымызды» ҳеш кимге көрсетпестен тарийх музейине апарып тапсырдық. Кимлер тапты, қай күни, қайсы жерден, қулласы бәрин қалдырмай сорап жазып алды.

Келеси ҳәптеде газетада бизлер ҳаққында көлемли мақала жәрияланды. Музей археологи, мақала соңында былай деп жазыпты: «...Азат, Мухтар ҳәм Айгүллердиң теңиз астына саяхаты әжайып қаҳарманлық! Бул үш адамлық суў асты «барлаў экспедициясы» тарийхтың өшкен шамларының бирин қайта

жақты. Суў асты қаласынан табылған мрамор сынығы менен қумбыз гербиши Адақ қаласы ҳаққындағы легенданы ҳақыйқатлыққа айландырғандай. Жақын күнлерде археологиялық суў асты экспедициясы өз сапарын баслайды. Бул үлкемиз тарийхында жаңа бетлер ашады деген үмиттемиз».

...Арадан көп күн өтпей-ақ археологиялық экспедиция өз жумысын баслап жиберди. Қудиретли суў асты насосы бизлер белше менен қазған жердиң ылайларын суў аралас атып турды. Жумыс қызғын даўам етпекте.

...Мен ҳәр таңда теңиз айдынында бир өзи таўдай толқынлар менен алысып атырған айбатлы суў асты насосына ҳәм ол жердеги ер жүрек археологларға үлкен үмит пенен қарайман..

## АЙДАҒЫ САЯХАТ

*(Илимий-фантастикалық гүрриң)*

Ең соңғы қоңыраў қағылып, оқыў жылы тамамланды. Бизиң 6-класстың оқыўшылары мектебимиз бойынша ең жоқарғы баҳалар менен класстан-классқа өтти.

Мен оғада қуўанышлыман. Өйткени, жазғы дем алыс дәўиринде Ай планетасында жаңадан ашылған «Түркистан» жаслар лагерине барып дем алыў ҳуқықына ийе болдым.

Белгиленген күни мектебимиздиң көпшилик муғаллимлери менен досларым, үлкен салтанат пенен Нөкис аэровокзалына шекем шығарып салды. Өйткени, мен мектебимиз бойынша космосқа пәрўаз етиўшилердиң биринshиси едим.

Бизлер минген ТУ—154 самолёты көкке көтерилгенде анам ҳәм жетекшимиз Клара апай мениң менен бирге еди. Күн шаңқай түсте космодром жанындағы аэровокзалға келип қондық. Шерек саат автобуста отырып космовокзалға келип түскенде, айға старт үш күннен кейин болатуғыны мәлим болды. Бул жерде Клара апай мениң барлық ҳүжжетлеримди есаптан өткерди.

«Түркистан» жаслар лагерине жоллама алғанлардың жатақханасына орналасқаннан кейин жетекшиге тапсырылған жумыс питти. Анам ушын да үш күн бийкар күтип отырыўдың ҳәжети болмай қалды. Олар мени гезекпе-гезек баўырына басып хошласты. Саў-саламат жерге қайтып келиўим ушын ақ жол тиледи.

Анам менен Клара апай минген автобус көзден ғайып болғанға шекем узақ қарап турдым. Мени сағыныш ҳәм қуўаныш толқынлары бийледи. Столға отырдым, муқабасында «күнделик» деген жазыўы бар таза дәптердиң биринши бетине үлкен ҳәриплер менен «1—Июль 2020-жыл» деп жаздым. Усы күни болып өткен барлық ўақыялар ҳаққында ядымда қалғанларын қалдырмай дизе бердим, жаза бердим...

Үлкемиздиң барлық тәрепинен келген бир топар балалар

менен бирликте мениң үш күн ишинде үйренгенлерим: скафандрдан пайдаланыў усыллары, ушыў алдында аўқатланыў режими, «космос— 101» орбиталық станциясында ҳәм ай планетасында жүриў, турыў қәделери. Буннан тысқары космос кораблиниң ишки аппаратуралары менен қысқаша таныстырып өтти.

Үш күнимиз үш саат шелли болмады. Айға старт басланатуғын минутлар келип жетти. Арнаўлы скафандрлар кийген 32 оқыўшы, «Түркистан»—космослық ракетасының алдында автомашинадан түстик. Бизлерди Нилуфар исмли сулыў қыз ишке баслап кирди. Жолаўшылар залында ҳәр бири еки адамлық орынға орналасып алдық. Бир неше минутлардан кейин старт сигналы өшип-жана баслады. Алдымызда турған қос экранда, стюардесса қыз көринди: «Дыққат, дыққат! Белбеў—қайысларды беккем байлап алыңлар! Ҳәзир айға старт басланады. Аралық 384 мың 395 км ракетамыздың ушыў тезлиги секундына 44 км «космос—101» орбиталық станциясында 25 минутлық қоныў, «дыққат дыққат!.».

Усы ўақытта күшли жарылыў пайда болып, биреў мениң көкирегимнен қатты ийтерип атырғандай, орынлыққа тығылып қалдым. Өзимди демигип атырғандай сезиндим.

— Ҳаўлықпа Махмуд,—деди қасымдағы Гөззал деген Түркменстанлы қыз.

— Мениң үшинши ушыўым, дәслепкисинде менде сендей қорықтым...

Бәри де көз ашып жумғанша тамам болды. Ракетаның басымы пүткиллей азайды. Еркин дем ала басладым... Қос экранда жақтылық пайда болды. Олардың биреўинде ай планетасы көринди, ал екинши экранда таў, дәрья теңизлер зымырап көз ушында, қалып баратыр. Жер кем-кемнен ярым шарға айлана баслады...

Мениң барлық дыққатымды, қоңсы орынлықтағы баланың түрткени бөлип жиберди. Ол Алматалық Сәкен еди.

— Сениң биринши ушыўың ба?!—сораў берди ол.—Старт ўақтында түриң өзгерип кетти ғой! Мен бас ийзедим.

— Ал, мениң екинши ушыўым, — деди Сәкен. Өткен жылы қысқы дем алыста айдағы уран шахтасында ислеп атырған әкемди көрип қайтыў ушын анам менен ушқан едим.

— Мына сүўретти көрдиң бе? —деп сөзге араласты арттағы тәжик бала.—Ай қаласында туўылып өскен Өзбекстанлы Бәкир деген достым. Өткен жазғы дем алыста Душанбеде үш ҳәпте болып кетти. Сонда танысқан едим, егерде мүмкиншилиги болса берген адреси бойынша излеп таўып алмақшыман.

— Ракстаның жолаўшылар залы жанлана баслады. Скафандрлардың сөзди қабыл етиў ҳәм таркатыў аппаратуралары жақсы ислеп турды. Бир мәҳәли Москвалы Вася деген рус баласы «космос маршын» баслап жиберди. Ғалаба хорға қосылдық. Қосықлар изинен қосықлар...

Қоныў сигналы ҳәмменің дыққатын өзине тартты. Экранда тағы да баяғы стюардесса қыз: «Дыққат, дыққат! Космос—101 станциясына келип жеттик. 25 минутлық қоныў. Белбеу-қайыс-ларыңызды көзден кеширинлер!» Экранда ушы-қыйыры жоқ тегис майданлық.

Тезлик үсти-үстине төменлей берди. Мине, қонып та үлгердик.

Жетекши қыз Нилуфар былай деп хабарлады: —Балалар, ҳәзир «космос» ресторанында аўқатланамыз. Жол жүриў қәделерин бузбаңлар!

Бизлер ракетадан түскенде биринши рет салмақсызландық. Тартып қойылған полат сым-арқан бойлап ғаздай қатарласып жүрип киятырмыз. Аяқларымыз жерге бирде тийсе, бирде тиймейди. Кейниме қарасам бизиң ракетамыз майдан үстинде ярым метр бәлентликте екен. Абайсызлығымнан болса керек, қолым арқаннан босағаны да сол, әсте-ақырын жоқары қарай қалқыдым. Жан ҳалатта аяқ-қолымды сермеген болдым, керисинше адамлардың төбесине шығып кеттим. Усы ўақытта түркмен қызы Гөззал жәрдем қолын созбағанда ҳалым буннан да бетер болар ма еди, қәйдем?! Ол аяғымнан тартып алып, қайта қатарға қосты.

— Сақ бол!,——деп даўыслады.

Әтирапыма алаңлап қарасам еки қабатлы бир неше жайларды көрдим. Мине космос ресторанына да келип жеттик. Есикке кирер жерде қандай да бир аппарат ызылдап ислеп тур.

— Скафандрларыңызды шешиўге болады,—деди басқарыўшымыз аўызғы бөлмеде. Қарасам ҳәммемиздиң аяғымыз жерге тийип тур. Ҳайран қалдым. Кейин сорап билсем бул жерде де ракетамыздың жолаўшылар залындағыдай салмақсызлықты сапластыратуғын арнаўлы аппаратуралары ислеп тур екен. Аўқатланыў бөлмесине киргенде 4—5 адам ғана бар еди.

Бизлер узынша етип қойылған стулларға орналастық, топ басқарыўшымыздың түсиндириўинше, бул асханадағы аспазлардан баслап, официанткаларға шекем ҳәммеси темир адам—роботлар екен

Мейлинше тойып аўқатландық. Белгиленген ўақытта ракетаға келип жеттик. Ҳәм старт басланды. Бул сапары жүрегимди питегене басқандайман. Алдымдағы қос экранға қарасам, бириншисинде жер—ана дөңгеленип бир жағы қара, бир жағы ағарып көринип тур. Ал, екинши экранда ай сүттей ағарып, таўға усаған бийик-бийик бир нәрселер көзге елес-елес көринеди.

Бир ўақытлары қалғып кетиппен. Қанша ўақыт өткенлигин ким билсин «Ескертиў» сигналына шоршып оянсам, экранда бийик өркешли таўлар үстинен ушып баратырғанымызды көрдим. Бир мәҳәли ыршадай муз басланды. Ракетамыз әстелик пенен усы тегисликке келип қонды.

— Урра!—деп даўыслап жиберди балалар. Есик ашылып,

скафандрда жерге түстик. Мениң муз деп жүргеним айнадай асфальт екен.

Арнаўлы үсти ашық «космобус» машинасында отырып ай қалашасына қарай тарттық. Көз ушында көп қабатлы жайлар, барған сайын бийиклене берди. Ҳәттеки қанша қабат екенлигин санапта үлгере алмадым. 50, 75, 100, 130, 147... алжаса бердим.

Қала ортасы менен бир саатлық жол бастық, көшеде бирде-бир тири жан ушыратпадым. Бәримизде қара суўға түстик. Тек скафандрдағы арнаўлы самаллатқыш ғана жан сақлап киятыр.

Космобус қала шетиндеги таўдың жырасына келип тоқтады. Бизлер оннан түсип таў ишиндеги туннел арқалы жер асты сарайына кирдик. Арнаўлы бөлмеде шешиндик, жуўындық, аўқатландық.

Бул жерде ислеўшилердиң айтыўына қарағанда, ай қаласындағы атмосфераның басымы жердегиге күтә жақын болып, жерли қонақлардың ай атмосферасында скафандрсыз жасаўы ушын үш суткалық шынығыў жеткиликли екен.

Бизлер үш суткада үш түрли басымға ийе болған жайларда еркин дем алыўды үйрендик. Ай қалашасының тарийхы ҳаққында қызықлы лекциялар тыңладық, кинолар көрдик, телеэкран арқалы Москва, Ташкент көрсетиўин тамаша еттик.

Бизлер жер асты сарайынан ай қалашасына скафандрсыз шыққанымызда ай ўақты менен түнги 12 болған екен. Бар әтирап күшли прожекторлар менен күндизгидей жақтыртылған. Адамлар быған-жыған. Транспортлар жердегидей ызғып жүр. Бизлердин жаңа жол баслаўшымыздың түсиндириўинше:—Бул жерде жумыс түнде исленип, күндиз уйқылайды екен. Өйткени, гей күнлери ыссылық 60 градусқа шекем көтериледи.

Балалардың ҳәммеси таңланысты. Тек мен аты жөнин билмейтуған «географ» лақаплы азербайжанлы бала ғана, менсинбегендей қол силтеди.

— Ҳеш гәп! Ондай температура жерде аз ба? Мысалы: —Америкадағы әжел ойпатлығында 50 градустан аслам, ал арқа Африканын айырым жерлеринде 58 градусқа шекем ыссылық болады. Бундай ыссылық түўе адамлар Антрактикағы «Восток» илимий станциясында 88 градус суўыққа да шыдап жүр ғой.

Бизлер «космопоезд» ға отырып «Түркистан» жаслар лагерине жетип келгенде Гернай шертип салтанатлы түрде күтип алды. Хеш ким бир-биреўди танымаса да аппақ-шапақ. Демде араласып кеттик.

Арадан бир ҳәпте өткеннен кейин бизлерди айдағы «Айдын теңизине» саяхатқа алып барды. Бул территориядан «пүткил дүньялық тәбиятты қорғаў жәмийетиниң» қарары менен ҳайўанатлар қорығы ашылған екен. Экскурсия баслығының түсиндириўине қарағанда жақынға шекем, жерден келген реймсиз аўшылар өртеп жибериўши қураллар жәрдеминде жерде әлле

қашанлар жоқ болып кеткен, ҳайўанатлардың айда сақланып қалған бир қанша түрлерин қуртыўға алып келген. Қорық ашыў усынысын биринши болып бизиң елимиз усынған.

Ал, «Айдың теңизи» деп аталыўының себеби: бир ўақытлары суў толқып турған ҳақыйқый теңиз болған. Қайсы бир дәўирлерден күн орбитасының айға күтә жақынласыўы нәтийжесинде суўлар парға айланып қурыған. Тиришилик сөне баслаған. Тек те ең бир шыдамлы деген мақлуқлар ғана саялы жартаслар астында жан сақлап қалған көринеди. Оннан берман миллион жыллар өткен. Ай тәбияты бир неше рет қайта өзгерислерге ушыраған...

«Ай вертолёти» Айдың теңизи үстине келип жеткеннен кейин алға жүриўин тоқтатып, геўгим тартып турған теңиз ултанына қарай сүңгий берди. Әл ҳаўадан қараған адамға үйип таслаңған намбар топырақларға усап жатқан таўлар өркеши анық көрине баслады. Мине шыңлар менен де теңлестик. Қорқынышлы таў жыралары басланды. Мен айнадан көзимди алмай бақлап киятырман. Еле де төмен қарай сырғыўдамыз...

Вартолётимиз қызыл—мрамордан салынған 14 қабатлы жайдың алдындағы кишкене майданшаға келип қонғанда, мен өзимди шаңарағы алып тасланған қара үйде отырғанға мегзеттим. Төрт тәрепим асқар таў. Күн көринбейди.

Сәскелик аўқаттан кейин қорық—экскурсоводы басшылығында «вездоход» деп аталатуғын ай кемесинде ҳайўанатлар қорыққанасын араладық.

Қорық бир қанша зоналарға бөлинипти. Бизлердиң биринши ушырасқанымыз таў өгизлери болды. Шақлары қәдимги урысқақ қошқарларға усас, геўдеси ешки жүниненде өскинлеў қоңыр жүн менен тегис қапланған, омыраўы шығыңқы, узын қуйрықлы бир пада мақлуқлар бизлерди елемегендей таслар арасында гүйис қайтарып турды. Биразлар сүўретке алып атыр. Бир жерде тоқтап қалыў қадаған болғанлықтан алға қарай жылжый бердик. Күтилмегенде «Вездоход» бир қапталына аўып барып, дүзелди. Ҳәммемиз шуўлап қоябердик.

— Қараңлар анаң қараңлар, — деп даўыслады қорық-экскурсоводы, — таўлар тасбақасы!!! Жердеги тасбақалардың ата-бабалары дәл усындай болған...

Бизлердиң оң тәрепимизде көлеми қара үйдей дөңгелек тас бүлкилдемекте. Серлеп қарасам басы тандырдай, сопақлаў астыңғы жағында узыны бир қарыстай шоқ сақалы бар, келте қуйрық тасбақа жыра таман жылжып баратыр. Кейин билсек «Вездоход» айдаўшымыз аңламай қалып, шуқырда дем алып атырған таў тасбақасын басып өткен екен.

Келеси зоналардың биринде жердеги пиллердиң ата-бабалары есапланатуғын мастодонтлар айбат шегип күтип алды.

Басы менен мойынын айырып алыў қыйынға түсетуғын бул

ҳайўан келте қуйрығын қайырып, салбыраған мурынларын ас-панға қарата ақырған уақытта узын азыў тислери бизлерди атайын деп турған қос мергенниң мылтығына усап кетти.

Олардан арыда мастодонтларға усаслығы бар айланба азыўлы бир қанша мақлуқлар отлап жүрди.

Биз жол бойы кенгуруў, тау ешкиси, жабайы ат ҳәм түйелердин ең әййемги ата-бабалары менен таныстық.

Қорықтың ақырғы зонасында стенозабр деп аталатуғын мақлуқты көргенде ҳәмме таң қалды. Геўдеси гүм-гүмге усас, узын қуйрықлы, алдыңғы еки аяғына қарағанда артқы еки аяғы еки еседей узын, бели бүкир, омыртқа сүйегиниң үсти желкесинен қуйрығына шекем үш мүйешли тас қалқанлар менен еки қатар болып дизилген. Жүргенде сылдырлап сес береди. Өзиниң соншелли қолайсыз жаратылысына қарамастан жартасларға қалай болса солай өрмелеп баратыр...

Бизлер қорықтан шығып лагерьге қайтып келгенде күн уясына жаңа ғана батқан еди. Ай қаласында жасаўшылардың тили менен айтқанда «Таң атты» деген сөз.

Жазғы дем алыстың қалайынша замырап өтип кеткенин билмей де қалыппыз. Қеўилли саяхат, ай тасларынан коллекциялар топлаў, қосық айтыў, китап оқыў—қулласы зерикпедик.

Мениң күнделигим де қызықлы ўақыялар менен толыўға шамаласты...

Бул күнделигим айда жасаўшы жасларды айрықша қызықтырса керек, олар қолдан-қолға өткерип оқып жүрди.

Әттен, жерге старт болған кешеси балалардан қайтарып алыўды умытып кетиппен. «Космос— 101» станциясына келгенде лагерге радиограмма жоллап, күнделигимди маған қайтарып жибериўди өтиниш еттим... Әлбетте, олардың бул тилегимди орынлайтуғынына исенемен. Ракетамыз және де жолда. Жерге асығаман! Досларым күтпекте! Мен оларға барлық көрген—билгенлеримди тезирек айтып бергим келеди...

## ТЕҚ ЖҮРГЕН ТОҚ ЖҮРЕДИ.

*(Бир актлы пьеса)*

**ҚАТНАСЫУШЫЛАР:**

Салаўат—8-класс, тәртипсиз бала.
Қәрим—8-класс, тәртипли бала.
Қәримниң анасы—35—40 жасларда
Салаўаттың анасы—алып сатар, 35—40 жасларда
Дүканшы ҳаял—35—40 жасларда
Шериф—жынаятшы, 20-25 жасларда
Қаплан—жынаятшы 20—25 жасларда

Муғаллим келиншек—30-жасларда.
Миллиция капитаны Елмуратов—35—40 жасларда
Милиция сержанты—30—35 жасларда.

Музыка. Сахна артынан «Шөжелерим» қосығы ойналып турады. Перде ашылғанда музыка тынып, қоңыраў сести еситиледи. Қолларына сумка услаған балалар сахнаның бир жағынан кирип, екинши жағынан шыға баслайды. Ҳәмминиң соңынан енгезердей Салаўат пенен кишкене бойлы Кәрим сахнаға кирип келеди. Салаўат сумкасын мойнынан өткерип алған ҳалатта. Сахна ортасына келгенде Салаўат Кәримди иркеди.

*Көринис.*

Салаўат:—Ҳәй, «суў мурын»! Сениң атыңды умытып қала беремен. Ким еди?

Кәрим:—Кәрим!

Салаўат:—Қайсы класстансаң?

Кәрим:—4-«Б» дан.

Салаўат:—Ҳаў, сен бизин «тоты қустың» классынан екенсең ғой!

Кәрим:—Бизиң класста «тоты қус» жоқ.

Салаўат:—Усыншелли аңқаў болмасаң! (күледи) «Тоты қус» деген оның лақабы ғой! Рас аты Қуралбай.

Кәрим:—Хә, Қурал «боқ аўыз» ба?

Салаўат:—Әне, сол боқ аўызың мениң оң қол жәрдемшим болады. Кимди боқла десем, соны боқлайды. Мен сыбырлайман, ал ол бақырып келип тәкирарлайды-аў! Оннан қалса даўысының шыңғырып шығыўын қәйтерсең? Қулағыңды тесип жибере жазлайды. Айтпақшы, ол көринбей ме?

Кәрим.—Аўырып, кеселханаға түсипти.

Салаўат:—Онда бүгиннен баслап сени өзиме шеп қол жәрдемшим етип аламан. Билип қой, мен турғанда саған ҳеш ким тийе алмайды. Пышығыңа пыш деп көрсинши, биреў! Қәне, настан ал, қосшым!

Кәрим:—Мен насбай атпайман, әжаға!

Салаўат:—Онда шылым болса да бола береди. Бир пысқытайық-шы!?

Кәрим:—Шекпейтуғын едим.

Салаўат:—Жигит емес екенсең ғой! Бизиң «Тоты қустан» нәшениң не түри табылатуғын еди-аў! Ўаҳ, қәдириң өтти-аў! «Қәдириң сениң бизге өтти тоты қус!».

Кәрим кетпекши болып бир-еки адым атады. Бирақ Салаўат оның алдын кес-кеслеп жүргизбейди.

Салаўат:—Мениң рухсатымсыз тырп етпейсең, Бүргебай.

Кәрим:—(Қорқып шегинеди). Муғаллимге айтып беремен.


RESPUBLIKALI'Q MA'LIMLEME-RESURSLI'Q WORAYI'

Салаўат—Маған десең муғаллимиң түўе директорыңа неге айтпайсаң. Бәри бир быйыл училищеге жибереди. Қайтама олманда атаман болып жүремен. Көрдиң бе! (Жудырығын түйип Кәримниң тумсығына тирейди).

Кәрим:—Кеш қалсам апам излеп келеди. Қайтпасам болмайды.

Салаўат:—Онда бир шәртим бар.

Кәрим:—Ол қандай шәрт?

Салаўат:—Екеўимиз ләңки ойнаймыз. Мени утсаң жиберемен.

Кәрим:—Сөзиңде турасаң ба?

Салаўат:—Сөзин бузған «казёл»! Қәне ләңкини ал.

Кәрим:—Менде ләңки жоқ.

Салаўат—Ҳәй суў мурын, нең бар өзи? (Қалтасынан ләңкисин шығарып Кәримге усынады). Мә ал, теп!

Кәрим:—(Тебе баслайды). Бир пар, еки пар, үш пар... (Салаўат билмегенге усап Кәрим менен дүгисипте қалады. Ләңки жерге түсип кетеди).

Салаўат:—Әне, қалып қойдың. (Ләңкини жерден алады).

Кәрим:—Өзиң-ғо дүгип жиберген, болмаса...

Салаўат:—Дырлағанды қой. (Тебе баслайды). Бир пар, еки пар, үш пар, төрт пар, бес пар... (түсирип алады). Әне, мен уттым. Артық тебилген еки жуп ушын еки сом төлейсең. Ақыры булда «бизнес».

Кәрим:—Менде еки сом түўе еки тийин да жоқ.

Салаўат:—(Исенбей қалтасын қарап шығады). Онда артықша тепкен еки жубыма еки муш ураман. Тут арқанды! (Кәрим ериксиз арқасын тутады).

Кәрим:—Әстерек ур, арқамда жарам бар.

Салаўат:—(Мушын түйип бир таслайды). Бир...

Кәрим:—Ўах! (Отырып қалады).

Салаўат:—И-и-я. (Жаўырынына бир тебеди). Еки...

Кәрим—Ўай-ўай! (Ет бетинен жығылады).

Салаўат:—Тур, тур деймен! Болмаса тағы бирди ДП ға беремен. (Кәрим қорыққанынан ериксиз жер таянып турады).

Кәрим:—(Басын услайды). Мийим айланып баратыр.

Салаўат:—Тәсилди қой. Биринши шәрттен жеңилдиң. Ендиги шәртим: анаў бағананың басында турған шамды көрдиң бе? Әне соны рогатка менен атып түсиресең, егер де түсире алмасаң сени сол жерге байлап кетемен. (Қалтасынан рогатка алып Кәримге усынады).

Кәрим:—Атпайман. Пүтин нәрсени сындырыў мениң тәбиятыма жат.

Салаўат:—Атасаң, атқанда зыңғып кетесең!

Кәрим:—Өлтирсеңде атпайман.

Салаўат:—Мурныңды бет қыламан, ат дегенде ат деймен!

(Жағасынан услап қылғындырады. Усы ўақта сахна сыртынан «Кәримжан-аў» деген хаял даўысы шығады).

Кәрим:—Апа-а-а (Жылап жибереди. Салаўат қашып кетеди, анасы кирип келеди).

*Көринис.*

Кәримниң анасы:—Ҳаў, балам! Бунша неге кешиктиң? Аманлық па? Неге жылап турсаң? Үсти-басың ўас-уайран, ямаса анаў Салаўат жалатайға тағы да тап болдың ба?

Кәрим:—Аўа, апа. Сизиң даўысыңызды еситип қашып кетти. Болмаса...

Кәримниң анасы:—Ҳә, жүўерпемек қатқыр! Ҳарам дүньяға семирип, көзиниң ети өсип баратырған ғой! Жүр, қәнекей. (Қолынан жетелеп шығып кетеди).

*Көринис.*

Сахнаға Салаўаттың анасы менен дүканшы келиншек кирип келеди. Мойынларында мерўерт моншақлар. Дүканшы келиншектиң қолында үлкен сумка.

Дүканшы ҳаял:—Бизлер бахытлы адамлар екенбиз. Өзиңниң хабарың бар, затлардың айма-ай қымбатлап турыўы бизиң менен сизге усағанларға қуп түсип тур.

Салаўаттың анасы:—Берекет тап, достым. Өткен айда таслап кеткен елиў жуп ҳаяллар етигин айтқан баҳаннан да жоқары нырққа сатып, пулын тап-туйнақтай етип түйип қойыппан. «Қазан да май, шөмиш те май» дегенлери усы шығар-аў!

Дүканшы ҳаял:—Ал, мынаў сумкада 300 жуп ноский бар. Бурынғы баҳасынан пулын кассаға төлеп жибердим. Енди биймәлел қәлеген нырқта аяғыңды тиреп турып сата бериўиңе болады. Пайдасын бурынғыша бөлисе беремиз.

Салаўаттың анасы:—Келистик.! (Шаппат урысады). Усы ўақытта Салаўат кирип келеди. Сумкасын сахнаның артына қарай ылақтырып жибереди.

*Көринис.*

Салаўат:—Апа, аш болдым.

Салаўаттың анасы:—Баламыз зәрре еркетайлаў. Өзи бир түйир болғаннан кейин бе, бетине жел тийгенди де хош көре бермеймиз, апасы.

Дүканшы ҳаял:—Баланың шоқ болғаны жақсы. Бақыра берген сайын ыңжық болып өседи. Ақыры, «Есерсоқ болмай, ер болмас» деген гәп бар емес пе?

Салаўаттың анасы:—(Баласына қарата). Айнанайын аппағым! Музлатқышта қууырылған таўықтың гөши турыпты. Алып жей ғой! Шай болса қайнап тур.

Салаўат:—Өзиң демлеп бермесең ишпеймен!

Салаўаттың анасы:—Ҳәзир жаным, ҳәзир. (Салаўат шығып кетеди, баласын жетелеген Кәримниң анасы кирип келеди).

Кәримниң анасы:—Саламат барсызлар ма!?

Салаўаттың анасы:—(кербазланып). Хош, хызмет. Қандай материал керек болып келдиңиз? Мүтәжиңизди питкеремиз, заманлас, қысынбай айта бериңиз.

Кәримниң анасы:—Мен материал излеп емес, ал басқа мәселе бойынша келип турман. Сизиң балаңыз бизиң баланы урып азап берипти, тәртипке шақырып қойсаңыз демекши едим.

Салаўаттың анасы:—(мысқыллы пишинде). Ҳе жетим, қабырғасы сынып па?

Кәримниң анасы:—Қабырғасы сыныў шәрт пе? Мурны қанаған. Жаўырынына тепкен, аяғының орны көк-көмбек болып бадырайып тур.

Дүканшы ҳаял:—Қурдаспысаң, заманласпысаң? Қәйдем, бала болғаннан кейин урысады, жарасады. Мурын деген қурғыр урмақ түўе қаттырақ шуқыласаңда қанап кете беретуғын нәрсе ғой! Ал, көгерген жери кийиминиң ишинде болса ҳеш гәп болмас, питип кетер.

Кәримниң анасы:—Бул мәселеде келмеўге де болатуғын еди-дә. Бирақ келешекте усының жәбирин өзлериңиз тартып жүрмесеңиз болар еди,—деген пикирдемен. Ақыры, бала тәрбиясы нәзик мәселе ғой, зәрре жерде...

Салаўаттың анасы:—«Кисиге өлим тилегенше, өзиңе жүрим тиле» деген. Бизиң қайғымызды жемей-ақ қойың. Мен затқа келген мүтәж биреў шығар десем келе сала мораль оқыўға көшти ғой!

Кәримниң анасы:—Сизлерге сөз зая етип отырған мен де ақмақ екенмен-аў! Неге ғана гөрлерим болмайсыз. (Шығып кетеди).

Салаўаттың анасы:—Гөрлерим өзиң бол. Сөзине қара буның зәҳәрдей. Сүйреңлеген тилиңди өзиңе ғана жегизейин, сен албаслының! (Жулқынып шықпақшы болғанда дүканшы досты оны иркип қалады).

Дүканшы ҳаял:—Қойшы достым. «Ириген аўыздан шириген сөз шығады» деген. Оннанда француз коньягинен ишип кеўил көтерейик-ши. Күйеўлеримиз болмаса да болғанлардан артық екенимизди журтқа көрсетип қояйық. Жүр кеттик! (Олар шығып кетеди. Сахнаға шашлары ийнине түскен әжептәуир кийинген еки жас жигит кирип келеди).

*Көринис.*

Шериф:—(Саатына қарап). Ҳаў, жаңағы жиберген «порсығың» келмеди ғой. Ямаса алдап кеткени ме?

Қаплан:—Жоқ, мен оны жақсы билемен. Ол сөзинде туратуғын мәрт жигитлерден. Алдамайды. Талай сапар мениң сынағымнан өткен. Азы-кем ишиўди де үйретип киятырман. Келешекте оннан мине деген шерик шығады. (Бас бармағын шошайтып көрсетеди). Еле көрерсең «Шаш ал десең бас алып келмесе» мен Қаплан лақабымды пышық қояман. (Усы ўақытта сахнаға ийнинде сумкасы бар Салаўат кирип келеди).

Салаўат:—Чаў!

Қаплан—Чаў, чаў! Қалай, тапсырманы бежердиң бе?

Салаўат—Қатырдық. Қонақлар мәс болыўдан жер төлеге түстим де алып шықтым. (Ол сумкасынан газета алып жаяды. Соңынан бир шийше коньяк, кишкене үш стакан, нан менен пиязды газетаның үстине қояды).

Шериф:—(Салаўатқа карата). Қәне, қосшым, сумканды маған берши. (Ол ишинен тозыўы жеткен еки дәптерди алып Қаплан менен Салаўатқа береди, ал өзи сумканың үстине жайласып алады). Қәне, басладық.

Қаплан шийшени бурандасынан ашып, ыдысларға қуйып тарқатады.

Қаплан:—Сөз сизге, Шериф.

Шериф:—Ал, Салаўат қосшым, сен бүгиннен баслап екеўимиздиң ең жақын достымыз болдың. Келешекте сеннен үлкен «кадр» шығады деген үмиттемиз. Ең бай ҳәм ең дәўлетли адамға айланасаң. Ҳәмме сениң алдыңда дизе бүгип туратуғын болады. Илайым, сол күнлерге тезирек жеткеймиз. Командамыздың бирлиги ушын. (Тартып жибереди). Босаған кеселерге екинши рет қуйылады.

Шериф:—Сөз нәўбети Қаплан десе—Капланға!

Қаплан:—Ал, «Порсық» қосшым. Порсық дегениме қапа болма. Буны конспирация, яғный бизиң тилимизде сыр сақлаў дейди. Анаў күнги берген мағлыўматларың бойынша түскен үйимиз жүдә кемикли шықты. Мынаў сениң үлесиң. (Қаплан қойын қалтасынан бир буўат ақша алып Салаўатқа береди). Жылымларымыздың майлана бериўи ушын ишейик. (ишеди).

Салаўат:—(қызыңқырап сөйлейди). Сизлерге рахмет! Хызметлериңизге тайынман. Айтпақшы, үш күнликте бизиң жердин аяқ ушындағы Асылбек «бизнесмен»ниң үйине бир «Қамаз» ун түскен еди, бүгин сатып болыпты. Шарбақлары оғыры бийик, оның үстине қабаған ийти де бар.

Шериф:—Қаплан! Порсыққа қуйма. Үйине қайтып барып дем алсын. Тапсырма сондай:—«Порсықтың» есиги бүгин түнде ашық турсын. Ярым ақшамда оның шарбағы арқалы асырылып түсемиз.

Ал, сен кешке шекем ийт өлтиретуғын зәҳәрли гөшти қайдан тапсаң да тап, қалған жағын «порсыққа» өзиң түсиндиресең.

Қаплан:—Болады шеф. Онда мынаны алып жиберейик. (екеўи ишип қояды).

Шериф.—Болды, Қаплан. Жыйнастыр. Операциядан кейин қатырып бир бас жазамыз. Ҳәзирше «порсықты» үйине жеткерип сал, бир жола жолды қадағалап та қайт. (олар затларды сумкаға жыйнастырады. Сумканы Қаплан алып шығады. Сахнаның бир тәрепинен милиция капитаны, ал екинши тәрепинен милиция сержанты кирип келеди).

*Көринис.*

Милиция сержанты– (әскерий сәлем берип). Жолдас, милиция капитаны буйрығыңызға муўапық жетип келдим.

Милиция капитаны:—Жолдас сержант! Тезде «тез ҳәрекет» етиў топарын алып жынаят жүз берген жайға атланасыз. Из кесер ийтти де ала кетиңлер. Мен ҳәзир изиңизден жетип бараман.

Милиция сержанты:—Әжеп болады, капитан. Кетиўге рухсат етиңиз.

Милиция капитаны:—Рухсат. (Сержант шығып кетеди. Капитан саатына қарайды). Демек түнги саат төрт, еледе бизлердиң бийлигимизде үш-төрт саат уақыт бар. Қалайда жынаятшыларды жатағында басыўға үлгерсек керек.

(Шығып кетеди, сахнаға Салаўаттың анасы кирип келеди).

*Көринис.*

Салаўаттың анасы:—Сашок, ҳә Сашок...

Салаўат:—(Перрдениң аржағынан шығып келеди). Не дейсең, сирә уйқымды бермедиң-ғо! Қашан қарасаң Сашок, Сашок... (еснейди).

Салаўаттың анасы:—Оқыўыңа кеш қалдың ғой!—деп атырман. Анаў мылжыңбай муғаллимлериң тағы да қоңыраў етип турмасын.

Салаўат:—Бүгин оқыў жоқ.

Салаўаттың анасы:—Усы муғаллимлерге де ҳайрансаң, кеўли келсе оқытады, жақпаса оқытпайды. Ессиз ҳүкиметтиң айлығы. Онда барып жата бер, балам. Мен көшени бир айланып келейин. Сыртыңнан қулпырып кетемен.

(Сахнаға муғаллим қыз кирип келеди, шығып кетпекши болған Салаўатты иркеди).

*Көринис.*

Муғаллим қыз:—Тура тур, сөйлесип алайық. (Анасына қарата). Сәлем бердик, апа.

Салаўаттың анасы:—Хош хызмет, асығыңқырап турман.

Муғаллим қыз:—Мен Салаўаттың быйылғы класс басшысыман. Ата-аналар жыйналысына талай сапар шақыртқан едик, келмедиңиз. Үш-төрт рет өзимде излеп келип, қуры қайттым. Бүгин азан менен келип турғаным. Кеширерсиз!

Салаўаттың анасы:—Қулағым сизде. Баламыздан не гүна кешипти. Хош!

Муғаллим:—Салаўат дерлик бир һәптеден берли оқыўға бармай жүр. Жазғы шеректе шамаласты. Ең болмаса сегизинши классты питирди деген гүўалық берип жиберген де болар едик.

Салаўаттың анасы:—Оқыды деген атағы болмаса, соннан нан таўып жейди екен деген үмитимиз жоқ. Усы заманда гүўалығы барлар түўе, дипломы барлар да қарқ емес. Өзимниң бесинши класс-ақ саўатым бар. Қудайға шүкир, есап-санақтан алдымызға адам салмай-ақ жүрмиз.

Муғаллим:—Тәртип бар дегендей, апа!

Салаўаттың анасы:—Мейли, питкертсеңиз питкертип-ақ жибере қойың. Әйтеўирде қуры-алақан қоймаспан. Мә, һәзирше «қамыр ушынан пәтир» дегендей, (көкирек қалтасынан пул шығарып усынады).

Муғаллим:—Апа, сиз мени ким деп ойлап отырсыз?! Айтпай-ақ қояйын деп едим, болмады. Балаңыз мектеп бойынша ең тәртипсиз балалардың қатарында. Насбай атқаны, шылым шеккени былай турсын мектепке аўзы сасып келетуғын әдетти шығарды. Соңғы күнлери милиция хызметкерлериниң де нәзерине түсиңкиреп жүрген қусайды.

Салаўаттың анасы:—Усы заманда нәшеси жоқ жигит, жигит пе?! Насбай дегенди жети жастан жетпис жасарға шекем атып жүр ғой! Арақты болса билмей-қалып «минерал суў» деп уртлап алған болса керек-аў! Биле тура ишпеген шығар?! Оның менен мектептиң төбеси қулап түспес. «Муғаллим деген бир ақырзаман майда халық болады» дейтуғын еди, рас екен-аў! Ал, милиция мәселесине келсек... (Усы ўақта сырттан үшпелек даўысы еситилип, сахнаға милиция капитаны кирип келеди. Сәлем береди).

Милиция капитаны:—Милиция капитаны, Елмуратов! Жолдас пухара, бүгин ақшам сизиң иргелес қоңсыңыз Асылбектиң үйине пышақтағы қуралланған тонаўшылар кирип: бар пулын қорқытып алып кеткен. Ал, ийти зәһәрленип өлтирилген. Бул һәдийселер бойынша хабарыңыз бар ма?

Салаўаттың анасы:—Һаў, мен солардың үйиниң қараўылыман ба? Буны ашыў сизлердиң жумысыңыз емес пе?

Милиция капитаны:—Жолдас пухара! Мәселе сонда: дәслепки анықлаўлар бойынша тонаўшылар сизиң есигиңизден кирип, сизиң шарбағыңыз арқалы асырылып өткен. Ийтке берилген зәҳәрли гөште усы тәрептен таслanғанлығы мәлим болып отыр. «Тез ҳәрекет етиў топары» из кесер ийттиң жәрдеминде жынаятшыларды табыўға еристи. Ҳәзир усыманға алып келинеди. Демек, бул қылмыслы ислерде сизиң балаңыздың да қолы бар деген болжаўдамыз.

Салаўаттың анасы:—Ҳаў, мениң Салаўатжаным аўзынан сарысы кетпеген палапан ғой!

Милиция капитаны:—Буны анықлаймыз.

### *Көринис.*

Сахнаға қолы артына байланған Шериф пенен Қаплан милиция сержанты айдаўында кирип келеди. Аяқларында теңселисип зорға тур.

Милиция сержанты:—Жолдас милиция Капитаны! Мәлимлеўге рухсат етиңиз.

Милиция капитаны:—Рухсат.

Милиция сержанты:—Жолдас милиция капитаны, тонаўшылар қолға түсти, тонап алынған пулларды да түўел таптық. Айғақлы дәлийл сыпатында нықабы, қолғап, ойыншық пистолетлери де алынды. Дәслепки тергеў мағлыўматларына қарағанда усы үйде туратуғын Салаўат деген мектеп оқыўшысы да жынаятқа шерик болып шықты.

Салаўаттың анасы:—(бақырып). Бул жала, қып-қызыл жала. Үстилериңизден тийисли жерлерге шағым етемен. (Баласын құшақлайды) Бермеймен!

Милиция капитаны:—Жолдас милиция сержанты! Баланы да қоса алып шығып, ҳақыйқатлықты суд анықлайды. (Милиция сержанты Салаўатты анасынан айырып алып шериклерине қосады). Қәне, машинаға қарай марш!

Сахна пердеси жабылады. Артынан ананың муңлы түрдеги «Салаўат, Салаў—а—т» деген ашшы даўысы еситиледи. Милиция капитаны сахнаның сыртына шығады.

Милиция капитаны:—Ҳүрметли дослар! Әзийз ата-аналар! Халқымыздың «Баланы жастан» демеклигиниң мәниси де усында. Ҳәр қандай еркелетиўлердиң де шеги болмағы шәрт. Сонда ғана ел-журты, ата-анасына мийрим-шәпәәтли перзентлерди тәрбиялаўда усындай жансақлықларға жол қоймаған боламыз.

Шөжелерим» музыкасының тәсири астында тамашагөйлер залдан шыға баслайды.

## МАЗМУНЫ


Меҳир (*гүрриң,* . . . . . . . . . . . . . . . . 3
Өзим айыплыман (*гүрриң*). . . . . . . . . . . . . . . 4
Мениң роботым (*фантастикалық гүрриң*) . . . . . . . . . 6
Адақ қаласын излеп (*илимий—фантастикалық гүрриң*) . . . . 8
Айдағы саяхат (*илимий—фантастикалық гүрриң*) . . . . . . . . 11
Тек жүрген тоқ жүреди (*пьеса*) . . . . . . . . . . . . . . 15

**ҚӨБЕЙСИН ЕРНАЗАРОВ**

**АДАҚ—ҚАЛАСЫН ИЗЛЕП**

*(гүрриңлер, фантастика, пьеса).*

Қарақалпақ тилинде

«Қарақалпақстан» баспасы

Нөкис—1997

Редакторы *Т. Даниярова*
Художниги *К. Рейипназаров*
Тех. редакторы *З. Досанова*
Қорректоры *А. Аташева*

13c.